

2023



SERI ENFÒMASYON POU PARAN YO

Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland:

Pwoesisis Edikasyon Espesyal

Pwoesisis
Edikasyon
Espesyal

Dwa Paran

Konprann IEP a

Tranzisyon
Segondè



ENTWODIKSYON

**Yon Gid Familyal pou Sèvis Edikasyon
Espesyal nan Maryland fè pati Seri
Enfòmasyon pou Paran Timoun depi
Nesans jiska 21 Lane Maryland yo, yon
koleksyon piblikasyon ki fèt pou sipòte
fanmi yo nan sistèm sèvis edikasyon
espesyal nan tout eta Maryland lan. Avèk ti
liv sa a, nou vle akeyi w nan yon kominate
pwofesyonèl devwe epi gide w atravè yon
pwoesisis lwa federal ak eta a kreye pou
soutni reyisit pitit ou a epi ede fanmi w.**



TAB MATYÈ

paj 4

Sèvis Edikasyon Espesyal yo

paj 5

Kisa Edikasyon Espesyal ye?

paj 6

Pwosesis IEP Maryland la

paj 11

Yon Lis Kontwòl pou Paran yo

paj 13

**E Si Mwen Gen Kèk Keson oswa
Mwen Bezwèn Èd?**

Pou plis enfòmasyon, vizite nou sou
www.marylandpublicschools.org



Byenveni nan Sèvis Edikasyon Espesyal nan Maryland

Paran yo jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon ptit yo. Sa a se laverite espesyalman pou paran timoun ki gen andikap yo. Ou konnen kisa ptit ou a renmen fè epi ak kisa yo ap lite. Ou gen yon vizyon de sa ou panse ptit ou a pral fè nan ane kap vini an ak yon fwa li fini lekòl.

Lè ptit ou a gen yon andikap epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal, li enpòtan pou ou aprann de pwosesis edikasyon espesyal la. Ou se pi bon defansè ptit ou a. Lè w konprann pwosesis edikasyon espesyal la, sa ap ede w travay byen avèk ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize

(Individualized Education Program (IEP)) ptit ou a. Sa ap ede ptit ou a fè siksè nan lekòl la ak pi lwen. OU fè pati de ekip ki pran desizyon konsènan edikasyon ptit ou a. OU gen ekspètiz ak konesans ekip ptit ou a bezwen.

Ti liv sa a bay yon apèsi sou pwosesis edikasyon espesyal la nan Maryland. Li pral ba ou tou, konsèy pou w konprann wòl ou nan pwosesis la, ak kijan pou w prepare w pou reyinyon w yo.



Sa Lalwa Di

Kisa ki
IDEA a?

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo
[The Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] se yon lwa federal ki garanti sèvis pou timoun andikape ki elijib yo atravè nasyon an.
IDEA a gouvène fason eta yo ak ajans piblik yo bay entèvansyon prekòs ak edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak plis pase 7.2 milyon tibebe, timoun piti, ak timoun ak jèn ki gen andikap yo. Eta Maryland bay yon sistèm sèvis kowòdone ki san pwoblèm, konplè pou timoun ki elijib depi nesans jiska laj 21 lane ki gen andikap.



Kisa Edikasyon Espesyal ye?

Edikasyon espesyal se ansèyman ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen inik pitit ou a. Edikasyon espesyal se pa yon plas oswa yon klas, se yon sèvis. Li ka gen ladan I sèvis ki asosye yo tankou terapi lapawòl, konsèy, oswa terapi fizik. Yo fè fanmi an jwenn li gratis epi li ka fèt nan divès anviwònman. Chak timoun ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo gen dwa a yon Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis oswa FAPE. Sa vle di yo pral bay pitit ou a sèvis yo gratis. Sèvis yo pral baze sou bezwen espesifik pitit ou a. Objektif la se pou pitit ou a fè pwogrè nan lekòl la epi pou l prepare pou lavi apre lekòl.



Child Find

Sistèm lekòl Maryland yo oswa ajans edikasyon lokal yo (LEAs) dwe chèche, idantifye, ak evalye timoun yo, ki gen laj depi nesans jiska 21 lane, ki bezwen edikasyon espesyal. Sa gen ladan timoun ki:

- Lekòl lakay;
- Nan lekòl prive yo;
- Sanzabri;
- Migran oswa mobil anpil;
- Sou pwoteksyon leta a; oswa
- Yo sispek yo gen yon andikap malgre yo pase de klas an klas.



Wòl paran an(yo):

Kontakte direktè edikasyon espesyal la oswa biwo Child Find lan nan sistèm lekòl ou a oswa LEA si pitit ou a pa enskri nan sistèm lekòl piblik la. Si pitit ou a nan lekòl piblik, ou ka kontakte direktè a oswa anseyan pitit ou a.



Pwosesis IEP Maryland la Paran yo gen yon wòl nan chak etap

Referans/Depistaj

Si w panse ptit ou a ka gen yon andikap ou ta dwe mande yon reyinyon ekip Individualized Education Program (IEP) pou pale sou enkyetid ou yo. Li pi bon pou w fè direktè lekòl la oswa anseyan an demann lan alekri. Yon pwofesè ka fè yon referans tou si yo gen enkyetid.

Lekòl la ap envite ou nan yon reyinyon pou diskite sou enkyetid ou yo epi analize enfòmasyon ki disponib yo. Ekip la pral analize enfòmasyon sou pèfòmans nan salklas la, evalyasyon eta a, rezulta evalyasyon konte a, enfòmasyon ou bay, ak tout lòt enfòmasyon enpòtan.

Rezulta reyinyon sa a ka: (1) Yo pa sispèk yon andikap edikasyonèl; pa gen aksyon nesesè; (2) yo pa sispèk nan yon andikap edikasyonèl kounye a, aplike entèvansyon fòmèl oswa enfòmèl epi analize done yo nan yon peryòd tan espesifik; (3) sispèk yon andikap edikasyonèl epi gen nesesite pou plis enfòmasyon; oswa (4) gen ase enfòmasyon pou detèmine prezans yon andikap edikasyonèl.

Kèlkeswa rezulta reyinyon an, w ap resevwa yon eksplikasyon alekri ki rele Avi Ekri Davans (Prior Written Notice (PWN)) apre reyinyon an epi anvan yo aplike youn nan rekòmandasyon yo. W ap resevwa tou yon dokiman ki rele Regleman Pwosedi w yo pou fè w konnen dwa w pou pi devan.

Pwosesis IEP a



Wòl paran an(yo):

Si w pa kapab patisipe nan yon reyinyon IEP, di lekòl la sa pi vit posib pou w pran yon lòt randevou. Ap gen enfòmasyon kontak sou invitasyon an. Nan reyinyon an, pataje enkyetid ou yo ak tout rapò doktè yo oswa lòt moun ki ka ba ou enfòmasyon.



Envitasyon reyinyon an

W ap resevwa yon envitasyon omwen 10 jou anvan nepòt reyinyon IEP. Li pral di w objektif reyinyon an, ki lòt moun ki te envite ak wòl yo oswa tit travay yo. Li pral gen ladan l tou lè, dat ak kote reyinyon an pral ye. Yo ta dwe pwograme reyinyon yo nan kolaborasyon.

W ap resevwa tou, yon kopi tout dokiman yo pral pale sou yo nan reyinyon an omwen 5 jou anvan reyinyon an.

Di lekòl la pi vit posib si ou p ap kapab nan reyinyon an epi ou bezwen repwograme li. Ou ka chwazi patisipe nan reyinyon an adistans oswa pa telefòn si ou pa kapab la an pèsòn.



Ekip IEP a

Manm prensipal Ekip IEP a genyen ladan li:

- Paran yo;
- Yon anseyan edikasyon jeneral timoun nan;
- Yon anseyan edikasyon espesyal timoun nan;
- Yon administratè oswa yon reprezantan;
- Yon evalyatè ki ka entèprete rezulta evalyasyon yo;
- Elèv la, si sa awopriye; epi
- Lòt moun ki gen konesans konsènan elèv paran yo te envite oswa Ajans Edikasyon Lokal (LEA) la oswa Ajans Piblik (PA) la.

Si pa gen yon edikatè jeneral elèv la, yon anseyan nan nivo klas la ap asiste si gen yon posibilité pou yo mete timoun nan ak kamarad ki pa andikape yo.

Evalyasyon ak Analiz

Si yo bezwen plis enfòmasyon pou detèmine prezans yon andikap edikasyonèl, ekip la ap rekòmande evalyasyon nan tout domèn yo sispèk enpak la. Anplwaye lekòl la pral sèvi ak diferan kalite evalyasyon ak estrateji pou rasanble enfòmasyon pou konprann bezwen ak fòs pitit ou a.

Ekip la pral gade:

- done ki egziste deja ak rezulta evalyasyon yo;
- enfòmasyon ki soti nan men w, paran an(yo);
- evalyasyon nan salklas, nan tout eta a ak nan distri a;
- obsèvasyon nan salklas; epi
- enfòmasyon anseyan yo bay.

Yo pral evalye yo nan tout domèn enkyetid yo. Sa a ta ka gen ladan aptitud sosyal emosyonèl ak konpòtman, akademik, tès serebral jeneral, lapawòl ak langaj, ak motris. Enfòmasyon yo rasanble yo ap ede etabli yon kote pou kòmanse sa pitit ou a kapab fè si li kalifye pou sèvis yo.

Ap gen yon lòt reyinyon nan lespas 60 jou apre yo fin resevwa konsantman alekri pou evalyasyon yo pou analize rezulta yo epi detèmine elijibilite pitit ou a pou sèvis yo. W ap resevwa yon kopi tout rezulta evalyasyon yo ak tout dokiman yo pral pale sou yo nan reyinyon an omwen 5 jou anvan reyinyon an.



Wòl paran an(yo):

Yo ka mande w ranpli sondaj, lis kontwòl oswa lòt dokiman. Ranpli yo epi voye yo tounen depi ou kapab.

Poze kesyon si sa nesesè, epi swiv enstriksyon yo.

E si mwen pa Dakò ak Evalyasyon an?

Si ou pa dakò ak rezulta evalyasyon yo, ou ka mande yon Evalyasyon Edikasyon Endependan [Independent Educational Evaluation (IEE)] ki sou depans piblik, oswa mande medyasyon oswa yon odyans pwosesis edikatif pou rezoud dispit ou a.

Yon IEE se yon evalyasyon yon moun andeyò sistèm lekòl la fè. Lekòl la ap swa dakò ak demann pou finansman ou an oswa di non epi depoze yon Odyans sou Pwosesis Edikatif nan 30 jou apre li resevwa demann lan. Ou ka pran yon IEE tou ak lajan pa ou. Ekip IEP a dwe konsidere tout evalyasyon deyò yo lè li ap pran desizyon edikasyonèl konsènan pitit ou a. Gade ti liv Dwa Paran yo nan seri sa a pou plis enfòmasyon sou opsyon pou rezoud dispit ou yo.



Kisa Kategori Andikap yo pou Elijibilite Edikasyon Espesyal yo ye?

- Otis
- Soud-Avèg
- Reta nan Developman
- Andikap Emosyonèl
- Defisyans Tande ki gen ladan soud
- Andikap Entèlektyèl
- Anpil Andikap
- Defisyans Òtopedik
- Lòt Defisyans Sante
- Andikap Aprantisaj Espesifik
- Defisyans Langaj Lapawòl
- Blesi Twomatik nan Sèvo
- Defisyans Vizyèl

Aplikasyon IEP a

Yon IEP se tankou yon kontra. Tèm yo dwe respekte; se poutèt sa, yo dwe konprann yo klè. Li enpòtan pou ekip la rasire li chak pati nan IEP a byen defini, epi chak manm ekip la gen menm konpreyansyon an. Poze kesyon, rasire w bagay yo klè sou dokiman IEP a li menm pou tout moun gen menm konpreyansyon.

Sèvis ak sipò yo pral kòmanse pi vit posib apre IEP a finalize, men apre ou gen yon tan rezonab pou revize epi konsidere pwopozisyon ekip la te fè a.

Pèsonèl lekòl la ap travay avèk pitit ou a sou objektif li yo. Tout anseyan pitit ou a pral resevwa enfòmasyon ki nan IEP a, ansanm ak tout akomodasyon yo dwe itilize nan salklas la. Pèsonèl lekòl la pral kolekte done sou pwogrè nan kad objektif yo.

Ou pral resevwa rapò sou pwogrè yo chak trimès, oswa jan sa endike nan IEP a. Si pitit ou a pa fè pwogrè, dwe gen yon reyinyon IEP pou pale sou ki chanjman ki ka nesesè nan IEP a. Li posib pou pitit ou a ta bezwen plis oswa diferan sipò, oswa ke objektif yo bezwen ajiste.



Wòl paran an(yo):

Mande anplwaye lekòl yo kisa ou kapab fè lakay ou pou ede pitit ou a. Pataje enkyetid yo ak selebrasyon yo ak pwofesè yo. Mande yon reyinyon si w gen nouvo enfòmasyon, enkyetid oswa si pitit ou a pa p fè pwogrè.

Revizyon Anyèl IEP a

Ekip IEP a dwe rankontre omwen yon fwa chak ane pou revize pwogrè pitit ou a epi revize IEP a. Sa a nesesè pou asire IEP a kontinye satisfè bezwen pitit ou a pandan y ap pwogrese de klas an klas. Reyinyon IEP yo ka fèt pi souvan si paran oswa pwofesè yo mande yon reyinyon.

Y ap voye lakay ou tout dokiman yo pral diskite nan reyinyon an 5 jou anvan reyinyon IEP a. Si yo pa voye dokiman yo 5 jou anvan reyinyon an ou ka mande pou ranvwaye l jiskaske ou te gen chans pou analyze yo. Yo ka voye yon pwojè IEP lakay ou. Mete nan tèt ou yon pwojè IEP se yon pwen depa pou diskisyon. Pwojè yo voye lakay ou yo ka toujou chanje pandan reyinyon an.

Li enpòtan pou w analyze dokiman yo voye lakay ou yo, pran nòt sou tout kesyon ou genyen yo. Prepare w pou pataje sa ki mache pou pitit ou a lakay ou oswa pandan lòt aktivite ki ka ede pitit ou a reyisi lekòl. Ou gendwa vle voye kesyon w yo oswa rekòmandasyon w yo bay responsab dosye pitit ou a anvan reyinyon an pou ekip la ka pare pou reponn yo.

Rasire w ou pataje sigjesyon ou yo pou revizyon ak klarifikasyon oswa deklare tout dezakò ou ka genyen ak rekòmandasyon final ekip la fè yo. Ou se yon manm egal, epi ki gen anpil valè nan ekip IEP a. Vwa w ak kesyon w yo enpòtan pou ekip la ak pwosesis la.



Wòl paran an(yo):

Repwograme si ou pa kapab nan reyinyon an. Pataje enkyetid yo ak siksè yo ak ekip la. Pale de sa ou remake lakay ou ki gen rapò ak lekòl oswa devwa, elatriye. Bay opinyon epi fè sijesyon pou chanjman yo. Analyze tout dokiman yo voye lakay yo anvan ak apre reyinyon an.



Wòl paran an(yo):

Pataje tout nouvo enfòmasyon ak enkyetid ak rès ekip la. Ranpli epi retounen tout papye, lis kontwòl, elatriye yo te voye lakay ou kòm yon pati nan re-evalyasyon an. Patisipe nan tout reyinyon yo. Bay enfòmasyon, pataje enkyetid ak opinyon yo.

Re-Evalyasyon

Omwen chak 3 zan ekip IEP a dwe deside si pitit ou a toujou elijib pou sèvis edikasyon espesyal yo. Yo pral vle rasire yo tou yo gen enfòmasyon ki pi ajou sou bezwen ak pwen fò pitit ou a. Paran ak pèsonèl lekòl la ka mande tès pi bonè si gen yon enkyetid oswa si yo bezwen nouvo enfòmasyon.

Ekip IEP a ka deside pa gen lòt enfòmasyon nesesè pou konfime si elijibilite pitit ou a kontinye pou sèvis yo oswa pou detèmine nivo pèfòmans li genyen kounye a. Ekip la ka deside yo bezwen plis evalyasyon tou. Si se konsa, ou pral rankontre ankò nan 90 jou apre ou bay pèmisyon pou evalyasyon yo fèt pou diskite sou rezulta yo epi revize IEP a, si sa nesesè.

Yo dwe re-evalye pitit ou a anvan yo ka retire pitit ou a nan sèvis edikasyon espesyal yo. Si ekip la detèmine pa gen okenn lòt enfòmasyon ki nesesè pou ranvwaye pitit ou a, ou gen dwa pou w mande evalyasyon anvan yo ranvwaye yo.



Yon Lis Kontwòl pou **Paran yo**

Anvan reyinyon an

- Reponn envitasyon reyinyon an.
- Egzamine tout dokiman yo voye lakay ou.
- Kreye oswa aktyalize vizyon ou pou pitit ou a.
- Ekri tout kesyon oswa enkyetid ou vle pataje nan reyinyon an.
- Prepare enfòmasyon paran ou (ou ka voye yo anvan reyinyon an).
- Mande yon entèprèt, si ou bezwen youn.

Pandan reyinyon an

- Konsidere fè pitit ou a patisipe nan reyinyon an kèlkeswa laj li. Li devlope kapasite pou defann tèt li epi li ede ekip la konprann pitit ou a pi byen. Yo dwe envite elèv ki gen laj 14 an oswa plis nan reyinyon IEP yo.
- Pataje vizyon w ak opinyon w ak ekip la.
- Poze kesyon epi pataje lide ou yo.

Apre reyinyon an

- Analize tout dokiman yo voye apre reyinyon an.
- Kontakte prezidan IEP a oswa pwofesè pitit ou a si w pa resevwa dokiman yo nan 5 jou oswa si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan dokiman yo voye lakay ou yo.
- Veye kijan pitit ou a ap fè devwa lekòl ak devwa lakay.
- Pataje tout enkyetid yo ak pwofesè pitit ou a.
- Mande yon reyinyon IEP si sa nesesè. Li pi bon pou w fè sa alekri oswa pa imèl.

Glosè Tèm yo

Evalyasyon

Tès espesifik yo bay nan tout domèn ki bay enkyetid nan kad evalyasyon an. Yo ede identifye fòs ak bezwen ptit ou a.

Child Find

Aktivite lalwa egzije ki pou fèt nan eta ak jiridiksyon lokal yo pou idantifye, lokalize, ak evalye timoun ki gen andikap ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye yo.

Konsantman

Akò alekri sou aksyon yo pwopoze yo.

Evalyasyon

Pwosesis pou analize enfòmasyon paran yo, done ki egziste deja nan salklas la, rezulta egzamen yo, elatriye pou detèmine si yon timoun gen yon andikap epi bezwen edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo pou satisfè bezwen li yo.

FAPE

Chak timoun ki resevwa sèvis edikasyon espesyal yo gen dwa a yon Edikasyon Piblik Apwopriye Gratis.

IDEA

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo. Sa a se lwa edikasyon espesyal nasyon an.

IEP

The Individualized Education Program. Sa a se dokiman ekip IEP a kreye a. Li dekri sèvis, sipò, ak ansèyman espesyalize yo pral bay ptit ou a. Yo kreye yon IEP pou chak timoun dapre bezwen yo.

Ekip IEP

Gwoup moun ki pran desizyon konsènan yon timoun ki bezwen sèvis edikasyon espesyal yo. Paran yo se manm enpòtan nan ekip IEP a.

LRE

Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon. Kote yo ka atenn IEP ptit ou a. An jeneral, lekòl yo oblige edike timoun ki gen andikap ak kamarad ki pa andikape yo nan mezi sa posib.

Paran

Yon paran byologik oswa adoptif, paran enterimè, gadyen, oswa paran ranplasan; tèm sa a pa enkli Eta a si timoun nan sou responsabilite Eta a.

Plasman

Kote ptit ou a pral resevwa sèvis edikasyon espesyal li a. Yo deside plasman apre objektif yo ak sèvis yo fin ekri.



Delè ki gen rapò ak **Pwosesis Edikasyon Espesyal** la

KISA

KILÈ

Paran an dwe resevwa envitasyon pou reyinyon IEP **10 Jou Sivil** anvan reyinyon IEP a

Paran yo dwe resevwa dokiman yo dwe analize nan reyinyon IEP **5 jou ouvrab** anvan yon reyinyon IEP

Paran yo dwe resevwa yon IEP finalize oswa, si li pa finalize, yon kopi IEP a **5 jououvrab** apre yon reyinyon IEP

Yo dwe fè yon reyinyon pou diskite sou evalyasyon yo pou detèmine kalifikasyon **Nan 60 jou** apre ou fin bay konsantman alekri

Yo dwe devlope yon IEP apre yo fin jije pitit ou a elijib **Nan 30 jou** apre yo fin jije pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal

Yo dwe aplike yon IEP **Osito posib**

Yo dwe rapòte pwogrè yo **Omwen chak trimès** epi jan sa endike nan IEP pitit ou a

Yo dwe revize epi aktyalize IEP a (Reyinyon Revizyon Anyèl) **Omwen yon fwa pa ane**

Ekip IEP a dwe konsidere nesesite pou re-evalyasyon yo **Omwen chak 3 lane**, sof si ekip la deside novo enfòmasyon pa nesesè

Yo dwe analize rezulta re-evalyasyon yo, epi IEP a revize yo si sa nesesè **Nan 90 jou sivil** apre ou bay konsantman alekri pou evalyasyon yo

Sistèm lekòl la dwe reponn a yon demann pou yon Evalyasyon Edikasyon Endependan (IEE) **30 jou sivil** apre resepsyon demann lan



E si Mwen Gen Kèk Kesyon oswa **Mwen Bezwèn Èd?**

KOWÒDONATÈ LOKAL SÈVIS SIPÒ POU FANMI YO

AJANS EDIKASYON LOKAL YO	LAJ DEPI NESANS JISKA 5 LANE	LAJ SOTI 5 RIVE 21 LANE
Allegany	240-920-6829	240-920-6829
Anne Arundel	410-562-6303	410-424-3258
Baltimore City	410-396-1666	443-642-3848
Konte Baltimore	443-809-9696	443-809-5443
Calvert	443-550-8406	443-550-8375
Caroline	410-479-3609	410-479-3609
Carroll	410-751-3955	410-751-3955
Cecil	410-996-5637	410-996-5637
Charles	301-934-7456	301-934-7456
Dorchester	410-901-6915	410-901-6915
Frederick	240-578-1244	240-236-8744
Garrett	301-533-0240, x2	301-914-1351
Harford	410-273-5579	410-273-5579
Howard	410-313-7161	410-313-7161
Kent	410-778-5708	410-778-5708
Montgomery	240-777-4809	240-753-9487
Prince George's	240-521-5054	301-431-5675
Queen Anne's	410-556-6103, x10	410-758-2403, x135
Somerset	410-651-1616, x11385	410-651-1616, x11385
St. Mary's	301-475-5511, x32218	240-309-4113
Talbot	410-822-0330	410-822-0330
Washington	301-766-8221	301-766-8221
Wicomico	410-677-5250	410-677-5250
Worcester	410-632-5234	410-632-5234
Lekòl Maryland pou Avèg (Maryland School for the Blind)	410-444-5000, x1489	
Lekòl Maryland pou Moun Soud (Maryland School for the Deaf)	443-277-8899	
Depatman Edikasyon Eta Maryland (Maryland State Department of Education)	410-767-0255	

DEPATMAN EDIKASYON ETA MARYLAND [MARYLAND STATE DEPARTMENT OF EDUCATION]

Mohammed Choudhury

Sipèntandan Lekòl Eta a [State Superintendent of Schools]

Doktè Deann Collins

Sipèntandan Adjwen pou Biwo Ansèyman ak Aprantisaj [Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning]

Clarence C. Crawford

Prezidan, Konsèy Edikasyon Eta Maryland [Maryland State Board of Education]

Wes Moore

Gouvènè

© 2023 Maryland State Department of Education

Maryland State Department of Education, Divizyon Entèvansyon Rapid ak Sèvis Edikasyon Espesyal [Division of Early Intervention and Special Education Services] te devlope piblikasyon sa a ak lajan ki soti nan Depatman Ameriken pou Edikasyon [U.S. Department of Education], Sibvansyon #H393A090124A, Sibvansyon Edikasyon Espesyal pou Tibebe ak Fanmi "Fon Rekovreman" dapre PL 105-17/111-5 Lwa sou Edikasyon Moun Andikape/Lwa Ameriken pou Rekiperasyon ak Reinvestisman [Individuals with Disabilities Education Act/American Recovery and Reinvestment Act]. The Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services se ajans k ap jere Pwogram Tibebe ak Timoun Piti nan Maryland, pwogram sèvis ak sipò nan tout eta a ki kowòdone pa Leta ak ajans lokal ak òganizasyon yo. Itilizatè ki kopye oswa pataje enfòmasyon ki nan piblikasyon sa a dwe site Maryland State Department of Education, Division of Early Intervention and Special Education Services, Doktè Deann Collins, Deputy Superintendent for Office of Teaching and Learning kòm sous li.



410-767-0100



www.marylandpublicschools.org



200 West Baltimore Street
Baltimore, MD 21201-2595